



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KONTWOLÈ ETA NEW YORK LA, TOM DINAPOLI,
POU REVIZE PWOJEKSYON REVNI YO SOU BAZ ENPAK SOU MACHE NOUVO
CORONAVIRUS LA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te voye jodi a yon lèt bay Kontwolè Eta New York la, Tom DiNapoli, pou mande li revize pwojeksyon revni eta a sou baz enpak sou mache nouvo coronavirus la

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Chè Kontwolè DiNapoli,

Nou remèsye ou pou tout travay ou te fè pou revize estimasyon revni eta nou an nan kad preparasyon bidjè eta a.

Kòm ou konnen, dènyeman nou te fini previzyon revni konsansis la ke biwo ou an te patisipe a, menm jan ak ekspè endepandan yo ki te opine sou ensètitid ekonomi an alavni epi depi lè a, pèspektiv yo deteryore. Kounye a n ap baze bidjè nou an sou pwojeksyon revni yo sou baz previzyon ekonomik konsansis la pou ane fiskal aktyèl la ak sa k ap vini an. Pwojeksyon revni yo se premis fondamantal bidjè tout eta a. Si previzyon revni an pa bon, lè sa a, tout bagay ki swiv yo pa kòrèk.

Kòm ou konnen, monn lan chanje nan sèlman kèk dènye jou ak semèn yo. Volatilite mache finansye monn lan pral afekte san dout previzyon kwasans ekonomik nou pou ane k ap vini an ak revni ki soti nan sektè finansye a. Epidemi COVID 19 la ka afekte prèske tout sektè nan sosyete a avèk fèmte lekòl, sispansyon nan vwayaj, restoran ak otèl vid ak reyinyon dafè ki anile.

Nou nan dènye etap negosyasyon bidjè a epi mwen ta renmen mande ou fè yon analiz risk pwojeksyon revni nou yo sou baz dènye delvopman yo. Bidjè nou an chita sou de pwojeksyon: pwojeksyon revni ane aktyèl la ak ane k ap vini an epi previzyon kwasans ekonomik fondamantal yo. Mwen ka wè kijan pwojeksyon ane fiskal aktyèl Eta a ka sekirize anpil men mwen ta renmen tandè refleksyon ou yo. Mwen wè ka gen gwo enpak sou previzyon nan ane k ap vini an epi mwen ta renmen opinyon ou sou pwojeksyon revni ane k ap vini an ak sa nou ta dwe fè, si gen yon bagay, nan bidjè ane sa a pou prepare pou ane k ap vini an.

Mwen konprann okenn moun pa gen yon boul kristal men mwen konprann tou ke pwojeksyon revni yo se yon fonksyon nesèsè ak esansyèl epi anpil konseye ekonomik nasyonal ap avanse teyori sou enpak sou mache global la ak fè revizyon enkyetan pou

previzyon ekonomik akoutèm yo. Mwen ta renmen ou revize yo epi bay opinyon ou pou Eta New York. Kòm pa gen ase tan, mwen t ap apresye jwenn konsèy ou nan 7 jou. Mèsi anpil.

Sensèman,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)